



Aplikasyon Egzanpsyon pou Planin Familyal nan Medicaid

Dat Biwo a te
Resevwa Tenm:

Non:	Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon	Non Fanmi	Non Jèn Fi	Kòd Rejyonal ()	Nimewo Telefòn
Adrès:	Nimewo	Ri	Apatman Nimewo	Vil	Konte	Eta Kòd Postal
Adrès Postal (Obligatwa pou bay si li diferan avèk sa ki anwo a):					Si ou pa gen telefòn nan kay, nimewo kote nou ka jwenn ou ()	

Tanpri reponn kesyon ki anba la yo:

1. Anvan sa, èske ou te gen youn oswa toulède sèvis sa yo? Isterektomi: Wi Non Ligasyon Tib /Blokaj Tib: Wi Non
2. Ki dat ou te gen règ ou dènye fwa? _____
3. Avantaj ou pral resevwa yo la pou retade gwo sèvis avèk sèvis planin familyal. Èske ou vle resevwa sèvis sa yo? Wi Non
4. Bay non tout moun k ap viv lakay ou (ekri non ou anvan):

Prenon Inisyal Dezyèm Prenon Non Fanmi	Sa ou ye pou Moun ki Aplike a (Oumenm)	Ranpli Fòm Taks (wi/non)	Kantite Depandan ou Reklame nan Taks	Dat Nesans	Ras	Sèks	Sitwayen Ameriken? Wi **Non	** Si ou reponn non, bay nimewo ID INS ou	Dat Antre	Aplike pou Medicaid? Wi/Non Med #

5. Revni: Bay enfòmasyon nou mande anba la yo sou nenpòt moun ki lakay ou epi ki resevwa lajan nan nenpòt sous (mete paran ou yo si ou poko gen laj 21 ane, EPI si ou pa marye, EPI si w ap viv avèk yo):

Non Moun nan Resevwa Revni	Sous Revni an	Revni anvan Dediksyon (Anvan Dediksyon)	Konbyen Fwa Ou Touche Kantite Lajan Sa a? (pa semèn, chak 2 semèn, pa mwa)	Lòt Enfòmasyon
	Djòb moun nan ye kounye a: Non Patwon			Adrès/Nimewo Telefòn Patwon:
	Djòb moun nan ye kounye a: Non Patwon			Adrès/Nimewo Telefòn Patwon:
	Salè Taksab/ Revni Li Touche			
	Revni Total nan Bousdetid/Bous pou Rechèch/ ak Sibvansyon			
	Avantaj pou Chomaj			
	Sekirite Sosyal			
	Lòt Revni – Bay Kalite a			

6. Èske ou gen asirans sante? Wi Non Si ou reponn wi, bay non konpayi asirans lan: _____
7. Si ou te reponn wi pou kesyon 6 la, èske asirans ou gen planin familyal kòm yon avantaj? Wi Non
8. Si ou gen laj 18 tan oswa mwens, èske ou enskri nan pwogram KidCare? Wi Non
9. Tanpri tache prèv idantite a nan aplikasyon sa a. Prèv idantite gen ladan, men pa sèlman: Lisans Chofè Leta, oswa ID Leta ki gen foto, Paspò Ameriken, yon Batistè Ameriken, Fòm FS-240, Rapò Nesans nan Peyi Etranje yon Sitwayen Etazini oswa Fòm FS 545 oswa Fòm DS1350, Sètifika Nesans nan Peyi Etranje. ***Nou aksepte sèlman orijinal yo oswa kopi ki sètifye.

KONFIMASYON AK OTORIZASYON: Mwen konfime enfòmasyon mwen bay sou aplikasyon sa a se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Depi mwen siyen fòm sa a, mwen bay konsantman mwen pou Depatman Sante (Department of Health) jwenn ak divilge enfòmasyon finansye konfidansyèl ak enfòmasyon medikal konfidansyèl mwen pou yo detèmine si mwen kalifye pou Pwogram Egzanpsyon pou Planin Familyal. Poutèt sa, mwen bay otorizasyon pou pwogram ki endike anba la yo anba Medicaid, MomCare, WIC, ak DCF oswa ajan yo pou yo kontakte mwen oswa pwofesyonèl swen sante mwen (yo) pou yo kowòdone laswenyaj, paman reklamasyon pou sèvis yo, amelyorasyon kalite sèvis yo konsènan patisipasyon mwen nan pwogram egzanpsyon pou planin familyal. Otorizasyon mwen pou divilge enfòmasyon yo gen ladan nenpòt enfòmasyon medikal, enfòmasyon sou sante mantal, enfòmasyon sou abi alkòl/dwòg, enfòmasyon sou maladi moun pran nan fè bagay, enfòmasyon sou tibèkiloz, enfòmasyon sou VIH/SIDA, ak enfòmasyon sou abi yo fè sou adilt oswa timoun. Mwen rekonèt enfòmasyon mwen bay yo fèt pou rete konfidansyèl dapre lwa Florida ak lwa federal. Mwen li epi mwen konprann dwa ak responsablite mwen yo jan yo aplike nan pwogram egzanpsyon pou planin familyal, epitou otorizasyon sa a dwe rete anvigè sof si mwen anile li alekri.

Siyati Moun ki Aplike a: _____ Dat la: _____

Siyati Ekip ki Verifye Kalifikasyon an/Dat la: _____ Dat Sispansyon FLMMIS: _____

Voje aplikasyon sa a pa lapòs oswa pote li poukont ou ansanm avèk nenpòt lèt ou te resevwa nan depatman sante kote kote w ap viv la. PA VOYE APLIKASYON SA A BA MEDICAID.



ENSTWIKSYON Pou Ranpli Aplikasyon Asirans Sante pou Egzanpsyon pou Planin Familyal

Enfòmasyon ki sou aplikasyon an nesese pou ede detèmine si ou apwouve pou pwogram Egzanpsyon pou Planin Familyal nan Medicaid. Ou kalifye pou pwogram sa a si ou:

- Te pèdi Medicaid ou okonplè
- Pa t fè yon isterektomi oswa ligati tib
- Pa ansent
- Vle sèvis planin familyal
- Revni an pi piti pase oswa egal a 191% dènye nivo federal povrete

Pou nou kapab ede ou avèk detèminasyon sa a nou bezwen ou ranpli aplikasyon an, reponn kesyon yo (1-9) epitou siyen ak date fòm nan. Si ou pa ranpli aplikasyon an sa ap bay reta nan detèminasyon pou avantaj yo epitou sa bay reta nan tan ou ka pran sou pwogram sa a, si ou kalifye. **Ou dwe siyen ak date fòm nan apre dat ou te pèdi Medicaid ou okonplè.**

Tanpri ekri enfòmasyon ou yo an lèt detache. Pou fè sa, ranpli ranje yo, apati **Non, Adrès** ak **Adrès Postal**. Tanpri mete adrès postal ou si li diferan avèk adrès lakay ou. Enfòmasyon sa yo pou kontak la enpòtan. N ap kontakte ou nan telefòn si nou bezwen lòt enfòmasyon; n ap kontakte ou pa lapòs pou fè ou konnen si ou kalifye pou pwogram nan.

Ou dwe reponn tout kesyon yo, kòmanse avèk kesyon 1 – 3.

Kesyon 4 la mande yon lis tout moun k ap viv avèk ou oswa k ap viv lakay ou. Tanpri bay enfòmasyon nou mande ou yo, epitou bay enfòmasyon sou lòt moun k ap viv avèk ou oswa k ap viv lakay ou. Tanpri sonje se sèlman oumenm, moun ki aplike a, k ap bezwen bay:

- Nimewo sekirite sosyal ou;
- Prèv idantite sètifye ou, gen ladan men pa sèlman, Lisans Chofè Leta, oswa ID Leta ki gen foto; epi
- Prèv revni ou, souch chèk peman ou apati dènye kat (4) semèn yo, si w ap travay.

Kesyon 5 lan mande non, sous revni, ak relasyon ou pou non sèlman oumenm, men tou pou moun k ap viv avèk ou oswa k ap viv lakay ou. Tanpri bay enfòmasyon nou mande ou yo, epitou bay enfòmasyon sou lòt moun k ap viv avèk ou oswa k ap viv lakay ou, ansanm ak enfòmasyon sou djòb y ap fè, adrès ak nimewo telefòn patwon an.

Kesyon 6 - 9 mande enfòmasyon sou asirans. Tanpri reponn kesyon 6-9.

Li seksyon **Konfimasyon ak Otorizasyon**, epitou siyen ak date fòm nan. Ou dwe voye aplikasyon sa a pa lapòs oswa ou dwe pote li **nan depatman sante lokal ou. Pa voye li pa lapòs nan Tallahassee, Florida.**